

LIS DOKIMAN POU PWOGRAM FON POU ÈDE MÈT KAY NAN FLORID:

Fon pou Ede Mèt Kay nan Florid [The Homeowner Assistance Fund (HAF)] te kreye pou diminye difikilte finansye ki asosye avèk pandemi COVID-19 pou anpeche mèt kay yo tonbe nan delenkans ipotèk, defo, sezi kay, ak deplasman, ansanm avèk èd pou sèvis itilite piblik, sèvis enèji kay, entènèt, asirans pou kay ak inondasyon, taks sou pwopriyete, ak frè sou asosyasyon kondominyon oswa asosyasyon mèt kay. Apre w fin anrejistre epi nou fin detèmine w kalifye, nap ankouraje w pou aplike pou tout asistans ki disponib. U ka bezwen founi dokiman adisyonèl dapre kalite asistans ou bezwen an. Dokiman nesèsè ki nan lis anba a dwe gen dat nan lespas yon mwa dat ou aplike pou èd la si w ap fè demann pou peman ki pase oubyen peman ki nan lespas twa mwa si w ap fè demann pou peman nan lavni.

SI OU BEZWEN ASISTANS AVEK...	W AP BEZWEN FOUNI...
<input type="checkbox"/> PEMAN IPOTÈK Enkli peman depo ki asosye ak ipotèk ou a	Yon deklarasyon ipotèk aktyèl
<input type="checkbox"/> PEMAN SÈVIS PIBLIK Enkli elektrisite, dlo, egou, gaz natirèl, pwopann, ak lwil chofaj kay	Yon deklarasyon aktyèl ki soti nan founisè sèvis ou yo
<input type="checkbox"/> PEMAN SÈVIS ENTÈNÈT Enkli sèvis entènèt wo nivo	Yon deklarasyon aktyèl ki soti nan founisè sèvis intènèt ou a
<input type="checkbox"/> PEMAN TAKS SOU PWOPRIYETÈ Sèlman si w peye taks sou pwopriyete sèpareman ak ipotèk ou a	Yon deklarasyon aktyèl ki soti nan pèseptè taks sou pwopriyete w la
<input type="checkbox"/> PEMAN POU ASIRANS KAY LA AK INONDASYON Sèlman si w peye asirans lan sèpareman ak ipotèk ou a	Yon deklarasyon aktyèl ki soti nan konpayi asirans ou a
<input type="checkbox"/> FRÈ POU ASOSYASYON PWOPRIYETÈ KAY Enkli asosyasyon kondominyon ak asosyasyon koperativ	Yon deklarasyon aktyèl ki soti nan asosyasyon w lan